
ISSN 0207-6551
Нур
6
2018
6+

# Редакторым и псалъэ

Гъэ еджэгъуэр иухащ. Ди Дыгъэшырхэр гъэмахуэ щхъуантIэм и куэщI фису фытхъэжынущ мазищкIэ. Дунейм и плъыфэхэм гу лъыфтэ, и дахапIэр къэфлъагъу, абы и макъхэр, макъамэхэр зэхэфх. Бзу лъатэм, щIым щызекIуэ псэущхьэхэм, псым щес бдзэжьейм фи гулъытэ ялъысу, щIым и къабзагъэр фхъумэу, фи щIэныгъэм хэвгъахъуэу фи гъэмахуэр вгъакIуэ. «Нурыр» къывдэIэпыкъунущ и тхыгъэхэмкIэ.

*IуэрыIуатэ*

## Хъуэхъу

Хъуэхъур ди бэу, дыбагъуэу,
Губгъуэу диIэр бэвылъэу,
Лъэуджыджэ тхэмыту,
Iей тхэтыныр ди жагъуэу,
Ди жагъуэгъухэр зэгуэпу,
Дяпэ идгъэщ щымыIэу,
Ди фIыгъуэр здэдгуэшу,
Гукъеяуэр здэтшэчу,
Ди чэт гъэлъэхъу щымыщIэу,
Дищ| бэвылъэр темыкIыу,
Ди хъыджэбзхэр щIыкIафIэу,
Ди щIалэфIхэр лIы хахуэу,
Ди Iуэху дэна ямыщIу,
«Iуэху щIэн» жаIэм, къэжану,
Нанэм жиIэм едаIуэу,
Дадэ жиIэр я гуапэу,
Пэрытыныр я хьэлу,
ХьэгъуэлIыгъуэр яублэу,
Бланэм хуэдэу гуащIафIэу,
МафIэм хуэдэу, къэмыскIэу,
КIадэу диIэр гъэшылъэу,
Ди сабийхэр насыпыфIэу,
Ди балигъхэр акъылыфIэу,
ФIыгъуэ дыщымыщIэу,
ХъугъуэфIыгъуэр ди бащэу,
Илъэсищэр дыугъащIэ!

## Дыгъэедже

Дыгъэр мыдкIэ къокIуэрэ,
Жьауэр Iэхъуэм макIуэрэ,
Дыгъэр мыдкIэ къокIуэрэ,
Шыгъуэгу хадэм къохьэрэ,
МэракIуейм потIысхьэрэ,
Шыгъуэгу хадэм къохьэрэ,
МэракIуейм тобзаерэ,
Ди мэракIуэр мэхъурэ,
Щынэм хуэдэу пIащэрэ,
Вындым хуэдэу фIыцIэрэ,
Ди мэракIуэр мэхъурэ,
Фоми хуэдэу IэфIырэ,
Псынэм хуэдэу гуакIуэрэ,
Дыгъэр мыдкIэ къокIуэрэ,
Жьауэр Iэхъуэм макIуэрэ,
Iэхъуэжь цIыкIур къожэрэ,
Бажэм хуэдэу бзаджэрэ.

# УАФЭР КЪАЩХЪУЭУ, ЩIЫЛЪЭР ЩХЪУАНТIЭУ



*Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр мэкъуауэгъуэм и 1-м ягъэлъапIэ. Ар 1949 гъэм Париж щагъэуващ, Iэтауэ зэрагъэлъапIэрэ мы гъэм илъэс 68-рэ ирокъу. ЩIыналъэ куэдым щыпсэу лъэпкъхэм зэдай махуэшхуэщ, къэрал 60-м щIигъум гулъытэ хэха щыхуащI.*

Мэкъуауэгъуэм и 1-р ныбжьыщIэхэм фIыуэ ялъагъу. ЕджакIуэ цIыкIухэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ мазищым я япэ махуэщи, абы ар нэхъ IэфIыж ящещI.

Адэ-анэхэр, адэшхуэ-анэшхуэхэр щыгъуазэщ щIы хъурейм щыпсэу цIыкIухэр зыIууэ гугъуехьхэм, сабий куэдым лей къазэрытехьэм. ПсапащIэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр, концертхэр куэдым къызэрагъэпэщ, узыншагъэкIэ гуныкъуэгъуэ зиIэхэр ягъэгушхуэ.

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм нып хухахащ. Ар щIылъэ щхъуантIэм и плъыфэщ, насып, гуфIэгъуэ, узыншагъэ яIэну псори зэрыхуейр къэзыгъэлъагъуэ дамыгъэщ.

Махуэшхуэм ирихьэлIэу къалэхэм, къуажэхэм щокIуэкI спорт зэхьэзэхуэхэр, концертхэр, музейхэм гъэлъэгъуэныгъэхэр къыщызэIуах. Зи зэфIэкIкIэ къыхэжаныкIхэм саугъэт ират. Сабийхэм ягу хагъэхъуэн щхьэкIэ балигъхэм яхузэфIэкI къагъанэркъым.

Ныбжьэгъу цIыкIу! Тщыгъупщэ хъунукъым зыхуей хуэмызэ, зи узыншагъэ къимыхь сабийхэр куэду зэрыщыIэр. Абыхэм дэри дадэIэпыкъун, защIэдгъэкъуэн хуейщ.

Адэ-анэ зимыIэжхэр, сабий мыузыншэхэр щыIэщ. ТхузэфIэкIкIэ апхуэдэхэм дадэIэпыкъуу, дахуэсакъыу дыпсэун хуейщ.

Фэри гуапэу фахущыт къалэн мытыншыр зи пщэ дэлъ нэхъыжьхэм, фадэIэпыкъу.

Фи уафэр къащхъуэрэ фи щIылъэр щхъуантIэу Тхьэм фигъэпсэу!

*ИСТЭПАН Залинэ*



ХЬЭТУ Пётр

## БДЗЭЖЬЕЯЩЭ

Бдзэжьеящэ
СыщыIащи нобэ,
Япэу, феплъ,
Къэзубыдащ хьэмцIажьэ.

Мэдыхьэшхыр нанэ:
«Тобэ! Тобэ!
Сыт мыбы пшхыжынур,
Мыр пхуэзгъажьэм?»

Сэ сшхыжыну сыхэмыт
ХьэмцIажьэр,
Дадэ езгъэлъагъумэ,
Псым схьыжынущ.

Бдзэжьей шырмэ,
Сыт мыбы и лажьэр?
Къизышам ещхьыжу,
Ин хъужынущ.





## ШЫНДЫРХЪУО

Хьэпщхупщ цIыкIур гъэщIэгъуэнщ,
Укъилъагъумэ, йопкIэ гъуэм,
Утеувэм, мэгужьей,
К1эр пегъэху, – псэуну хуейщ.

Ауэ губгъуэм сыщосакъыр,
Сыщодым, согъэIу си макъыр,
Зы хьэпщхупщ сымыщI и жагъуэ,
Сэ сыцIыхущ, сытетщ си лъагъуэм.

## ШУУЕЙ

Шэрхъиплӏ щӏэту сиӏэщ шы,
Зэгуэщауэ къамышы,
Ди гуэщыжьми щӏэтщ зы чыш...
Сыхуеиху соджэгу – семыш.
Къызожыхьыр махуэ псом...
Сиӏэжамэ сэ зы сом,
Шы-быченэ къэсщэхунт,
Сшхыурэ ар зызгъэпсэхунт!..

## ДЖЭДУ

Сэ куэд щӏауэ джэду сиӏэщ,
Шыр цӏыкӏу дыдэу къысхуахьащ,–
Иджы ар инышхуэ хъуащи,
Сегъэбампӏэ – зэӏыхьащ.

Япэм ар сэ къыздэджэгурт,
Иджы и пщӏи къэзмылэжь...
Къыфӏэщӏ хъунщ сыдэс и жьэгум,
Сыщыпсэууэ и унэжь!..





## СИ КЪУЭШ ЦӀЫКӀУМРЭ СЭРЭ

«Инэ, инэ,
Инэмыкъуэ...» –
Сыкъыхуоджэ тхылъ Безрыкъуэ,
Жьэр ущӏауэ къызодаӏуэ,
ӏуэрыӏуатэр фӏэфӏщ,–
Ар наӏуэщ.

Щызгъэджэгукӏэ ӏэбэдзыуэ,
Мэдыхьэшх Безрыкъуэ зыуи,
Нани дади, «Пу!.. Пу!..» – жаӏэу,
Къытхыхьэнуи мэлъаӏуэ.

ӏэпщэкӏэ дыщызэпекъукӏэ
Е кӏапсэшхуэ ар щезгъэкъукӏэ,
Дади нани догъэгуфӏэ:
«Тхьэм фытхуищӏ фэ къаруфӏэ!»

Сур. Пщыхьэщӏэ Хь.

# БЗУХЭР БДЗЭЖЬЕЯУИ?!

Бзухэм я дамэм емыхъуапсэ сабий щыIэ сытми! ЩыIэкъым. Абы я нэхъ цIыкIу дыдэми сытым хуэдэу зыкъытхуагъэщIагъуэрэ мылъэтэфхэм. Зы хъыбар фыхуейʼ?

Еуэщ аби, Бзугъуабжэ и шыр «цIий-сийхэр» игъашхэу абгъуэм ису зыр къеплъыхщ, чыцэм къыщызыпщыхь шындырхъуор къилъагъури ину дыхьэшхащ:

– Уарэ, феплъыт мо къэзыпщыхьым! ЗэрыIеижь цIыкIу ар, дамэ лъэпкъи темыту. Лъакъуэ щIэту пIэрэ абы езым?

– Лъэтэфынукъым ар зэи, хьэ-хьэ-хьа! – зэщIодыхьэшхэ псори.

–Щэхуу,щIыкIей цIыкIухэ,сыту фымыукIытэрэ?! – ящIогубжьэ шырхэм Бзугъуабжэ. – Фэ фщIэуэ пIэрэ ди бзу лъэпкъыр а шындырхъуохэм дакъызэрытехъукIар?

– Уэдыдыд…мобыи-и-и?! Ар дэ дэщхькъым, дауэ?

– Къэзыпщыхьхэми?! Ар ди благъэуи? ПцIыщ!

– ФыкъэдаIуэ-тIэ мыдэ. Аддэ пасэм щыгъуэ мы щIым щыпсэуар шындырхъуохэращ.Ахэр зэхуэдизтэкъым икIи зэщхьтэкъым, хэт бжьакъуэ тетт, хэт – кIапэшхуэ. Я бийхэм зыщахъумэн щхьэкIэ жыгхэм зыщагъэпщкIурт шындырхъуохэм, зым илърэ адрейм лъэуэ. Ауэрэ дамэ, къабзий къатекIэри лъэтэф хъуащ. Мис а бзухэм я нэхъ пасэрей дыдэм – **археоптерикс** – дзэ Iутт, Iэпхъуамбищ иIэт, жыг къудамэхэр тыншу иубыдыфын хуэдэу. Ахэр зэрыкIуэдыжрэ куэд щIащ, иджы щыIэ бзухэр дэ тлъагъухэращ.

– Уарэ, ар сыту гъэщIэгъуэн! – зэрогъэкIий бзугъуабжэ шырхэр.

– КъывгурыIуа иджы ахэм фащыдыхьэшх зэрымыхъунур?

– КъыдгурыIуащ,– укIытауэ я щхьэ ирахьэхащ шырхэм. Абыхэм апхуэдизкIэ ягу ирихьат Бзугъуабжэ и хъыбарри, шындырхъуом деж лъэтащ, зэрагъэцIыхуну.

– Уи махуэ фIыуэ, ди шыпхъу!





– Нэхъыфlыжу, бзубын!

– Уэ пщlэрэ фэрэ дэрэ дызэрызэблагъэр?

– Сощlэ,– и щхьэр ещl мо шындырхъуо lущым. Сэ си къежьапlэ хъуари вжесlэжынщ, фыхуеймэ. Фи «лъэпкъ жыгыр» зэвгъэщlэнкъэ.

– Нтlэ-нтlэ, дэ ар тщlэн хуейщ!– зэрогъэкlий «цlий-сийхэр».

– Фыкъэдаlуэ атlэ.Дэ дыкъызытехъукlар бдзэжьейхэращ.

–Уэдыдыд, ар нэхъ lеижи! Бдзэжьей зи бзэ мылухэми? Ахэр щlым щызекlуэфыххэкъым,хьэ–хьэ–хьэхь!

– Ауан фымыщl. Щlэныгъэ зи мащlэращ ауаныщlыр, фэ езыр ауан фыкъащlмэ-щэ фэр нэхърэ нэхъыбэ зыщlэхэм? Атlэ, фщlэуэ пlэрэ фэ ди щlыр зызэман псыуэ зэрыщытар, бдзэжьейхэр хэсу?!

– Тщlакъым. Ар сыт гъэщlэгъуэн?

– Зэи зыри ауан тщlыжынкъым,– укlытауэ я щхьэ ирахьэх шыр гъэфlахэм.

– Атlэ, зэманыр кlуэху, псыр игъущыкlырт, щlыр нэхъыбэ хъурт. Бдзэжьейхэр зыхэс псыр гъущмэ, адрей псы инам нэс кlуэн хуейтэкъэ, ауэрэ я кlэмажьэхэр лъакъуэ хъууэ хуежьащ. Апхуэдэ бдзэжьейхэм я цlэр **латимериещ**, ахэращ шындырхъуохэр дыкъызытехъукlар.

– Латимериехэм – археоптериксхэр, абыхэм – дэ! Тщlэнщ.

– Щlэныгъэ нэхъ лъапlэ щыlэкъым. Куэд зэвгъащlэ, зэи зыри ауан фымыщl.

– Иджыри дыкъакlуэ хъуну щlэныгъэхьэ?

– Хъунущ. Фыщыхуей дыдэм.

Бзубыныр иджы абгъуэм иcу къоплъыхри шындырхъуом йохъуапсэ, пщlэ хуащl икlи яфlэдахэщ.

***ДАРИЙ Хужь,***
Сабий энциклопедие
тхылъым къитхыжащ





Сур. Мысачэ М.

# БДЗЭЖЬЕЙХЭР ЗЫДОГЪЭЦIЫХУ






Зыгъэхьэзырар
ШЭРДЖЭС Д.

# «Налмэсыр» Iуэхуфlхэм допщIыпщI





*Сабий 150 йокIуалIэ Жэмтхьэлэ дэт сабий сад «Налмэсым». Абы щапхъэ къащIытетхын Iуэхуфlхэр ялэжь, дунейм и дахагъыр хъумэным сабийхэр хуагъасэ.*

Сабий садхэм я махуэшхуэ дызэсэжахэм, – «Хэкур дохъумэ», «Анэм и махуэ», «Театрым и дуней», «Хэт нэхъыфIу усэ къемыджэрэ», н. къ. къадэкIуэу, «ЦIыкIухэ! Дунейм гу къабзэ фиIэу фытет», – жаIэу махуэшхуэ ирагъэкIуэкIащ. Апхуэдэ зигу къэкIыр зырызщ.

ЩIыуэпсыр дахэу, къабзэу хъумэн зэрыхуейр нобэ ди сабийхэм къагурымыIуэмэ, пщэдей къэхъунур шынагъуэщ.

Театр теплъэгъуэу мы садым екIуалIэ сабийхэм ягъэлъэгъуащ мэзыр, псыежэхыр цIыхум зэрауфIейр, апщIондэху а щIыпIэхэм щыпсэу псэущхьэхэм бэлыхьу ятелъыр, апхуэдэ къэмыхъун папщIэкIи ялэжьын хуейр. Теплъэгъуэ нэужьым сабийхэр утыкум къихьащ щIыуэпсыр цIыхум зэрауфIей Iэмэпсымэ, хьэпшыпхэм къыхэщIыкIа «фащэхэр» ящыгъыу (тхылъымпIэпс цIуу, пластмассым къыхэщIыкIа хьэкъущыкъу, псыпс пIащIэ, н. къ.). Ар сабийм зэи ягу имыхужын Iуэхугъуэщ.

*Хь. М.*


ДИПЛОМ

НАГРАЖДАЕТСЯ

ХАРКИЗОВА АЛИНА
ХАРКИЗОВА АМИНА
МОУ «СОШ № 1» с.п. Жемтала, Черекский район

за занятое

I МЕСТО

в Республиканском конкурсе творческих работ
для младших школьников
«Познание. Творчество. Д…


Министерство образования, науки и по делам молодежи Кабардино-Балкарской Республики
ГКУ ДО «Эколого-биологический центр»

ДИПЛОМ

НАГРАЖДАЕТСЯ

ДОКШУКИН АЗАМАТ
ЖИЛОВ КАНТЕМИР
МКОУ «СОШ № 1 им. Х.К. Черкесова»
с.п. Жемтала, Черекский район

за занятое

… МЕСТО



# ДЫГЪЭЩЫГЪЭ



**БЛИЙ Дамир** (илъэсищ),
сабий сад № 2,
Къугъуэлъкъуей къу.



**МУШАРАПОВЭ Дианэ**
(илъэситху), сабий сад
№ 62, Налшык къ.



**ДЖЫНАЗ Мухьэрбий**
(илъэсипщI), Прогимназие
№ 18, Налшык къ.



**ДУДАРХЭ Айдаррэ** (илъэсиплI)
**Айданэрэ** (илъэсищ), сабий сад
«Сказка», Къызбрун-1




**УРЫС Ахьмэд** (илъэсиплI),
сабий сад «Солнышко»,
Аушыджэр къу.

# БЖЬЭПЭМ

## Сурэтхэр къыхэвгъэж, нэ нэщIхэм хуэкIуэу ивгъапщIэ

Гъэмахуэщ. Мэкъуауэгъуэщ. Дуней дахэм зыкърех. (сур. 1) Мадинэ къуажэм зыщегъэпсэху. Дадэрэ нанэрэ я джэдкъазымрэ (сур. 2) унагъуэ псэущхьэхэмрэ (сур. 3) защигъэнщIкъым. Хадэм йохьэри, пхъэщхьэмыщхьэ хъуахэмкIэ загъатхъэ (сур. 4). Уэрамым дыхьэмэ, хьэблэ сабийм ящIыгъуу узэрыджэгун мащIэ! (сур. 5)

Иджыпсту Мадинэ бжьэпэм кIуауэ тесщ (сур. 6) гъэпIэнкIа ишхыу, псыхъуэм дэплъэу.

Абы фIэфI къуажэ шхын (сур. 7) нанэ хуипщэфIауэ игъэшхэну къилъыхъуэм-къилъыхъуэурэ, бжьэпэм нэсащ.

– Сыт мыбдей щыпщIэр, си псэ закъуэ, мо уэрамым щыджэгухэми мэракIуашхэми уахэмыту?

– Сурэт сощI.

– Ан-на, сыт сурэт пщIыр, къэрэндащи тхылъымпIи умыIыгъыу?

– ГукIэ сощI, нанэ. КъэтIыс, уэри уезгъэсэнщ.

Нанэ мэтIыс.

– Иджы уи нэр зэтепIэ. Сэри си нэр зэтеспIэнущ. Макъыу зэхэпхыу хъуар уигу иубыдэ. Сэри изубыдэнурэ итIанэ тIуми зэжетIэжынущ. Хьун?

– Тхьэ, хъунмэ, КIуцэ.

Мадини нани я нэр зэтепIауэ бжьэпэм тесщ. Псым адрыщIкIэ къыщыс хьэблэмкIэ къиIукI макъхэри, псыхъуэм къыдэIукIхэри, езы тIур зытес бжьэпэ хадэм къыхэIукIхэри зэхах, ягу ираубыдэ.

А тIум зэхах макъхэр (сур. 8) къахэфтхыкI, мыбдеж пыфтхэ:



1



2



3



4



5



6



7



8

Макъхэр:
Хьэ, шы, номин,
адакъэ, пыл, шыд,
бзу, псыежэх,
гуэгуш, дыгъужь,
хьэндыркъуакъуэ,
блэ, мэл, пкIауэ.

Зыгъэхьэзырар
**АБРОКЪУЭ Б.**

# КЪЭЩIЭРЕЙ

**1.** Гъэмахуэр пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэракIуэхэмрэ я фIыгъуэщ. Сурэтхэм щыфлъагъухэм зэреджэхэр ихъуреягъкIэ «щызэблэжа» пычыгъуэхэм къахэфщIыкI. *(Ахэр къэрэндащкIэ зэхуэфшэ.)*








къут | сэ | ба | ры | рыб | са | ры | мам | Iэ | мэ | Iэ | щхъы | нэ | лий | сэ | кIуэ | ра | мы

**2.** Пычыгъуэхэм (япэ лэжьыгъэм) къахэфщIыкIа псалъэхэм ящыщу нэхъ кIыхь  дыдэм хэт хьэрфхэм псалъэщIэ дапщэ къривгъэхъуфын?

| ПычыгъуитI-щы хъухэр | ПычыгъуиплI-тху хъухэр | Пычыгъуэ нэхъыбэ хъухэр |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

**3.** Псалъэзэблэдзым итха псалъэмрэ бжыгъэхэмрэ тегъэщIапIэ фщIыи къэкIыгъэцIэхэр къафщIэ.




| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| хъ | э | у | а | н | | | | | | |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| | | | | | | | | | | |

**4.** Къыхэгъэща къехыгъуэм ифтха псалъэм и мыхьэнэр къафщIэ.

**5.** Гъэмахуэм хъу пхъэщхьэмыщхьэхэм е мэракIуэхэм ящыщу нэхъыфI дыдэу флъагъум теухуа усэ цIыкIу зэхэфлъхьэ. Къытхуевгъэхь.

ЦIыкIураш

Зыгъэхьэзырар
***БЕКЪАН М.***

# Набдзэгубдзаплъэ цӀыкӀухэ, мы сурэтым бзу дапщэ щыфлъагъурэ?



Сур. М. К. Эшер

*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 6 2018 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***А. КАРМОВА***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Компьютерная вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ07-00125 от 11 января 2018 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
05.06. 2018 г.
Выход в свет 25.06. 2018 г.

Формат 60х90 $^1/_8$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ. л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2950 экз.
Заказ № 188
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.